



Pou Piblikasyon Imedya: 06/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KOMEMORASYON SANTYÈM ANIVÈSÈ PREMYÈ GÈ MONDYAL LA NAN TOUT ETA A

Gen Nouvo Sit Entènèt ki Lanse ak Aktivite ki Prewa Atravè Eta a pou Komemore 100^{yèm} Anivèsè Premyè Gè Mondyal la

Gouvènè a Pwoklame 6 Avril 2017 Yon Jounen pou Onore epi Raple Sakrifis Eta New York ak Nouyokè yo te Fè nan Premyè Gè Mondyal la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse komemorasyon 100^{yèm} anivèsè antre Etazini nan Premyè Gè Mondyal la ak lansman yon nouvo sit entènèt sou Santyèm Anivèsè Premyè Gè Mondyal la. Anplis gen yon seri aktivite k ap fèt atravè eta a nan sit istorik ak mize yo nan lonè plis pase 500,000 Nouyokè ki te sèvi pandan gè a. Aktivite komemorativ yo ap fèt jiska 11 Novanm 2018 — ki se santyèm anivèsè siyati Amistis ki te mete fen nan Gè a.

Gouvènè Cuomo te deklare: “N ap toujou sonje sakrifis Fòs Lame Ameriken nou an, ak plizyè santèn milye Nouyokè ki te riske lavi yo pou prezève libète ak ideyal eta ak peyi sa ke Premyè Gè Mondyal la te fonde sou li a. Pandan n ap komemore santyèm anivèsè Premyè Gè Mondyal la ak lansman nouvo sit entènèt sa, Mwen ankouraje chak moun pou onore ansyen militè nou yo epi ede nou prezève eritaj sila yo ki te sèvi yo.”

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, ki te patisipe nan seremoni komemorasyon an, te deklare: “100^{yèm} Anivèsè enplikasyon Etazini nan Premyè Gè Mondyal la raple nou bravou ak sakrifis ke 500,000 Nouyokè ki te sèvi eta yo ak peyi yo ak kouraj, ak 13,956 ki te fè dènnye sakrifis yo. Jodi a nou rekòtè kontribisyon inik New York nan Gwo Gè sa, yon konfli ki te wè Amerik la fè premye pa li kòm yon lidè sou sèn mondyal la.”

Nan memwa 500,000 Nouyokè ki te sèvi, ak 13,956 ki te pèdi lavi yo, Gouvènè Cuomo pwoklame 6 Avril 2017 yon jounen pou onore epi sonje sakrifis Eta New York ak Nouyokè yo te fè nan Premyè Gè Mondyal la. Anplis, drapo 48 etwal depi 1917 la ap flote nan Kapitòl Eta New York nan onè ansyen militè Premyè Gè Mondyal yo. Pou w gade pwoklamasyon an, [klike isit la](#).

Sit Entènèt 100^{yèm} Anivèsè a

Sit entènèt ki lanse jodi a komemore 100^{yèm} anivèsè antre Etazini nan Premyè Gè Mondyal la, epi li bay enfòmasyon sou aktivite ak ekspozisyon ki lye ak Premyè Gè Mondyal la atravè eta a. Sit entènèt la prezante tou, resous pou eksplòre wòl New York ak Nouyokè yo te jwe nan gè a, ak yon tou dijital de sit istorik New York ki lye ak gè a. Vizitè yo ka chèche sou Tablo Donè (Roll of Honor) ki genyen ladan l plis pase 13,000 Nouyokè ki te mouri nan Premyè Gè Mondyal la, pwofil 25 Nouyokè yo te bay Meday Donè - pi gwo onè militè nan peyi a - ak enfòmasyon sou rejiman ki te sèvi yo.

Nou ankouraje Nouyokè yo pataje, sou sit entènèt la, istwa ak foto pwòch yo ki te sèvi nan gè a oubyen soumèt yon aktivite ki onore sila yo ki te sèvi yo. Vizite

www.ny.gov/WWI pou w aprann plis.

Aktivite ak Ekspozisyon Komemoratif sou Premyè Gè Mondyal la

Yon gran varyete aktivite ak pwogram edikatif ap fèt nan sit istorik ak mize atravè eta a pou raple sakrifis Nouyokè yo te fè pandan Premyè Gè Mondyal la. Y ap fè aktivite yo jiska 11 Novanm 2018 — ki se santyèm anivèsè siyati Amnistis ki te mete fen nan Gè a.

Venn twa bibliyotèk New York, plis bibliyotèk ke nan nenpòt lòt eta, te genyen sibvansyon Bibliyotèk Amerik “Premyè Gè Mondyal ak Amerik” (Library of America “World War I and America”) pou reyalize pwogram piblik ki deziyen pou reyini ansyen militè yo ak fanmi yo ansanm ak piblik jeneral la pou eksplòre enpòtans kontini gè a. Pami bibliyotèk New York ki resevwa sibvansyon yo, genyen, Slate Valley Museum, Granville; Sosyete Istori Gran Astoria (Greater Astoria Historical Society), Queens; Enstiti Franklin & Eleanor Roosevelt (Franklin & Eleanor Roosevelt Institute) nan patenarya ak Bibliyotèk Prezidansyèl FDR (FDR Presidential Library), New York; Kolèj Sen Jozèf (St. Joseph’s College), New York; Bibliyotèk Callahan (Callahan Library), Patchogue; Kolèj Sen Toma Daken (St. Thomas Aquinas College), Sparkill; ak Bibliyotèk Warner (Warner Library), Tarrytown.

Anplis, chak de mwa, gen yon ekspozisyon nan Chanm Lagè (War Room) nan Kapitòl Eta New York k ap prezante diferan lèt ak aspè Premyè Gè Mondyal la, ki enkli fòmasyon ak kan eta yo, wòl konplè New York nan devlopman konba avyasyon, enfimye, American Field Service, volontè chofè anbilans, ak baz lopital nan Fort Ontario. Vizite nouvo sit entènèt la pou yon lis aktivite yo nan: www.ny.gov/WWI.

Prezidan Komisyon an, Rose Harvey te deklare, “New York ak Nouyokè yo te jwe yon wòl ki enpòtan anpil ke chak moun te espere t ap “Lagè pou mete fen nan tout Gè yo” (“War to end all Wars”), lè l bay sòlda ak founiti, pou konstwi avyon ak pilòt ki fòme epi bay swen a blese yo. Menm anvan Amerik te antre nan gè a nan dat 6 Avril 1917, Nouyokè yo te fè benevola pou kondwi anbilans pou ede koz Alye a. Pandan gè ak apre gè a te fini, Nouyokè yo te jwe wòl enpòtan pou etabli Lejyon Ameriken (American Legion) ak zafè Ansyen Militan (Veterans’ Affairs). Pa gen manm militè nan Premyè Gè Mondyal la ki vivan, men nou ka rekonèt epi onore sèvis yo nan santyèm anivèsè sa, epi komemore tradisyon sèvis ki depase pwòp tèt yo ki te transmèt atravè jenerasyon Nouyokè yo jiska jounen jodi a.”

Majò Jeneral, Anthony German, Adjidan Jeneral New York te deklare, “Premyè Gè Mondyal la te fè Gad Nasyonal la (National Guard) vin yon eleman entegral nan militè Ameriken ke li ye jodi a. Divizyon Gad Nasyonal yo – ki enkli 27^{yèm} Divizyon ak 42^{yèm} Divizyon New York yo ki òganize isit la nan New York – toulede te sèvi ak distenksyon. Gad Nasyonal New York tankou Sèjan Henry Johnson, ak Lyetan Kolonèl William “Wild Bill” Donovan - ki te genyen meday pou ewoyis – te trase egzanp ewoyis ak sakrifis pwòp tèt yo pandan gè a, ki enspire Sòlda Ameriken jodi a. Eritaj Premyè Gè Mondyal la rete avèk nou jodi a e li apwopriye pou n make santyèm anivèsè sa pou Sòlda nou yo, Pilòt nou yo, peyi nou an ak eta nou an.”

Direktè Divizyon Zafè Ansyen Militè a (Division of Veterans’ Affairs), Eric J. Hesse te di: “New York te jwe yon wòl santral nan defans ideyal libète ak demokrasi Amerik yo. Nouyokè ki te sèvi pandan Premyè Gè Mondyal yo te afwonte yon konfli ke mond lan pa t janm wè anvan sa. Yo te afwonte defi sa ak kouraj, ak gras, pou sèvis ak aksyon yo, nou rekonesan etènèlman. Nan 100^{yèm} Anivèsè sa k ap komemore antre Etazini nan Premyè Gè Mondyal la, li enpòtan pou n sonje ewo Militè tankou Father Duffy ak Henry Johnson ki apre sèvis vanyan yo a peyi nou an, te retounen New York pou kontinye travay yo nan sèvis piblik a eta yo. Se tradisyon Ansyen Militè yo anvan e kounye a, pou kenbe espri sèvis la pi lwen pase eksperyans Militè yo, e nou onore sa jodi a tou.”

Delege Edikasyon Eta a, MaryEllen Elia te deklare: “Nou fyè pou n prezante yon ekspozisyon sou wòl New York nan Premyè Gè Mondyal la nan Mize Eta a (State Museum). Ekspozisyon an prezante postè, atik ak dokiman ki soti nan Mize Eta a, Bibliyotèk ak Achiv (State Museum, Library and Archives) – ansanm ak nan enstitisyon atravè eta a – ki revele gwo wòl New York te jwe nan gè a ak enpak dirab konfli a te genyen lakay e toupatou nan mond lan. Mwen ankourajè edikatè yo pou yo itilize ekspozisyon sa pou anseye elèv nou yo sou evènman santral sa nan New York ak istwa Amerikèn nan.”

Delege Adjwen Edikasyon Kiltirèl e Direktè Mize Eta a (Cultural Education and State Museum), Mark Schaming te deklare: “Nou kontan pou ouvri *Yon Espri Sakrifis: Eta New York nan Premyè Gè Mondyal la (A Spirit of Sacrifice: New York State in the First World War)* nan Mize Eta a nan dat 15 Avril. Pa gen okenn lòt eta ki te kontribye ak plis sòlda, founiti ak fon nan efò Etazini nan Premyè Gè Mondyal la pase Eta New York. Ekspozisyon sa se yon opòtinite pou tout Nouyokè ak Ameriken aprann epi reflechi sou evènman Premyè Gè Mondyal la epi konprann enpak gè a nan New York, peyi a ak nan mond lan.”

Gad Nasyonal Lame New York (New York Army National Guard), Majò Jeneral Retrete e Prezidan Sosyete Istorik Harlem Hellfighters (Harlem Hellfighters Historical Society), Nathaniel James te deklare: “369^{yèm} nan te genyen glwa sa pandan l t ap goumen ak 4^{yèm} Lame Fransè a. Lame Fransè a te genyen twoup Mawoken e yo pa t gen pwoblèm koulè Lame Ameriken an te genyen nan moman sa. 369^{yèm} nan te vin tounen inite ki te pi dekore nan Premyè Gè Mondyal la, ki genyen lonè pou vin premye twoup ki te travèse epi okipe yon Vil Alman an Almay apre batay la te kanpe. Yo te retounen ak gwo onè ak yon parad nan 5^{yèm} Avni nan Vil New York.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418